

4YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

PRENTAN 2009

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo.

Egzamen an gen de (2) pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

Premye Pati a gen 30 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou bay pou kesyon sa yo sou yon fèy repons separe. Sèvi ak kreyon No. 2 sèlman sou fèy repons lan.

Dezyèm Pati a gen 10 kesyon ki mande pou w konpoze yon repons. Ekri repons ou bay pou Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

Ou pral gen tout tan ou bezwen pou reponn kesyon yo.

PA VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO PA DI W VIRE L.

EKSPLIKASYON

Premye Pati egzamen sa a gen 30 kesyon ladan l. Chak kesyon gen twa oswa kat repons ki vini aprè l, repons yo make ak lèt A pou rive nan D. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Gade ki repons ki pi bon pou w chwazi. Sou fèy repons separe a, make repons ou nan ranje ki gen ti wonn ki koresponn ak chak kesyon yo; pou make repons lan, nwasi ti wonn ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon No. 2 pou make repons ou yo sou fèy repons lan.

Li egzanzp kesyon **S-1** ki pi ba la a.

S-1 Lè dlo jele, yo rele li

- A bwouya
- B glas
- C bye
- D vapè

Repons kòrèk la se **glas**, ki sou kote lèt **B** a. Gade sou fèy repons lan, nan kare ki genyen ranje ki gen ti wonn pou repons pou kesyon ki nan egzanzp **S-1** an. Gade kouman yo nwasi ti wonn ki koresponn ak lèt **B** a.

Kounye a, bay repons pou kesyon ki nan egzanp **S-2** a. Make repons ou sou fèy repons lan nan kare ki genyen ranje ki gen ti wonn pou repons ki nan egzanp **S-2** a.

S-2 Kilès nan bèt sa yo ki gen zèl?

- A zwazo
- B krapo
- C sourit
- D lapen

Repons kòrèk la se **zwazo**, ki sou kote lèt **A** a. Sou fèy repons lan, ou te dwe nwasi ti wonn **A** a.

Reponn tout 30 kesyon yo nan Premye Pati egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti wonn pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons, ou fèt pou efase repons lan nèt. Ou kapab pa konnen repons pou kèk nan kesyon yo, men sèlman fè sa ou kapab pou chak kesyon.

Lè w fini ak Premye Pati a, ale nan Dezyèm Pati a. Reponn tout kesyon ki nan Dezyèm Pati a nan espas yo kite pou chak kesyon.

Pati I

- 1 Van, nyaj, lapli ak fredri se mo ki ede moun dekri
 - A evaporasyon
 - B depozisyon
 - C matyè
 - D tanperati

- 2 Ki sans ou ka itilize pou detèmine kapasite yon bagay genyen pou l reflete limyè?
 - A wè
 - B tande
 - C santi
 - D goute


- 3 Yon elèv lage yon boul. Ki fòs ki lakòz boul la tonbe atè a?
 - A elektrisite
 - B friksyon
 - C gravite
 - D mayetis

- 4 Lè yon kib glas fonn, eta matyè li chanje de yon
 - A gaz a yon likid
 - B solid a yon likid
 - C likid a yon solid
 - D solid a yon gaz

- 5 Ki inite ou ka itilize pou dekri longè yon bagay?
 - A gram
 - B minit
 - C lit
 - D mètr

Sèvi ak enfòmasyon ki anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 6 ak 7 yo.

Yon gwoup elèv te fè yon eksperyans pou wè si kèk bagay ap flote oswa si y ap koule. Yo mete sis bagay nan yon bokit dlo. Bagay yo te fèt avèk twa diferan kalite materyèl: ajil, plastik ak asye. Dyagram ki anba a montre rezilta eksperyans lan.



Remake kesyon 6 la gen sèlman twa chwa.

6 Ki materyèl ki te toujou plonje nan eksperyans sa a?


- A ajil
- B plastik
- C asye

7 Bato a ki fèt avèk ajil epi boul la ki fèt avèk ajil genyen menm pwa. Ki pwopriyete ki lakòz bato a flote epi boul la koule?

- A koulè
- B pwa
- C fòm
- D teksti

Remake kesyon 8 la gen sèlman twa chwa.

8 Dyagram ki anba a montre yon vè dlo ak yon wòch.



Vè dlo



Wòch

Lè yo mete wòch la nan vè a, nivo dlo a pral

- A desann
- B monte
- C rete menm jan


9 Konbyen tan sa pran pou Latè fè wotasyon sou aks li sèt fwa?

- A yon jou
- B yon semèn
- C yon mwa
- D yon ane

10 Lè yon moun pouse yon blòk an bwa atè a, ki fòm enèji li itilize?

- A mekanik
- B mayetik
- C son
- D elektrik

11 Dyagram ki anba a montre yon sikui elektrik.



Bi fil kuiv la se pou


- A kondui elektrisite
- B pwodui elektrisite
- C estoke elektrisite
- D bloke pasaj elektrisite

Remake kesyon 12 la gen sèlman twa chwa.

12 Yon elèv mezire volim dlo ki genyen nan yon chodyè. Elèv la bouyi dlo a pandan trant minit epi aprè sa li mezire volim dlo a ankò. Volim dlo a gen plis chans pou l

- A desann
- B monte
- C rete menm jan

13 Dyagram ki anba a montre efè yon rivyè genyen sou yon zòn pandan plizyè ane.



Ki pwosesis ki lakoz vale a fòmè?

- A kondansasyon
- B depozisyon
- C ewozyon
- D evaporasyon


14 Ki fòm fizik ki ta pi byen ede yon lou siviv yon ivè nan Eta New York?

- A gwo zòrèy
- B nen nwa
- C fouri epè
- D zye mawon

15 Ki sa tout bèt bezwen pou yo ka siviv?

- A wòch, dlo ak tè
- B dlo, lè ak manje
- C lè, wòch ak limyè solèy
- D manje, tè ak limyè solèy

16 Dyagram ki anba a montre yon ti kay kote kastò yo abite.




Dyagram sa a montre kastò yo bezwen pyebwa pou

- A lè
- B dlo
- C limyè solèy
- D kay

17 Pandan sezon livè a, fouri blan yon rena aktik melanje avèk nèj la. Adaptasyon sa a rele

- A ibènasyon
- B migrasyon
- C kamouflaj
- D mouvman

18 Dyagram ki anba a montre yon rena ak yon chwèt k ap eseye kenbe yon lapen.



(Pa desinen sou echèl)

Rena a ak chwèt la ap

- A chèche yon patnè
- B fè konpetisyon pou manje
- C chèche yon abri
- D fè migrasyon pou sezon livè


19 Pou tèt plant vèt yo pwodui pwòp manje yo, yo rele yo

- A predatè
- B viktim
- C dekonpozè
- D pwodiktè

20 Ki estrikti yon zwazo ki fè kòrèkteman pè avèk fonksyon li?

- A grif pou l jwenn manje
- B zèl pou l elimine dechè
- C plim pou l respire
- D zye pou l grandi

21 Dyagram ki anba a montre sik lavi yon krapo. Kat etap nan devlopman li make avèk lèt *A*, *B*, *C*, ak *D*.



(Pa desinen sou echèl)

Ki lèt ki montre etap devlopman adilt la?

- A *A*
- B *B*
- C *C*
- D *D*

22 Lèzòm depann de ki resous natirèl nan anviwònman an?

- A dlo
- B kay
- C elektrisite
- D wout

23 Ki karakteristik yon ti chyen ka eritye nan men paran l?

- A pat ki gen labou
- B fouri tachte
- C pye kase
- D sikatris sou figi l

- 24** Anpil zwazo vole nan direksyon sid pou sezon livè. Adaptasyon sa a rele
- A ibènasyon
 - B jèminasyon
 - C migrasyon
 - D kominikasyon
- 25** Plant vèt yo jwenn enèji yo bezwen pou yo ka pwodui manje nan
- A lè
 - B limyè solèy
 - C dlo
 - D tè
- 26** Lè plant yo ak bèt yo mouri, ki òganis ki ede eleman nitritif yo retounen nan chèn alimantè a?
- A dekonpozè
 - B predatè
 - C viktim
 - D pwodiktè
- 27** Kèk papiyon viv an mwayèn de semèn. Peryòd tan sa a rele yon
- A pwosesis lavi
 - B dire lavi
 - C chanjman lavi
 - D sik lavi
- 28** Pandan yon eksperyans, yon elèv rapòte yon likid te vin tounen vèt lè yo te melanje l avèk yon lòt likid. Sa se yon egzanp
- A yon mezi
 - B yon prediksyon
 - C yon eksplikasyon
 - D yon obsèvasyon

29 Tablo done ki anba a montre wotè yon pye pwa sou yon peryòd twa mwa. Yo anrejistre wotè plant lan an santimèt (cm).

Wotè yon pye pwa


Mwa	Wotè
Mas	4 cm
Avril	9 cm
Me	14 cm

Si modèl yo montre a kontinye, wotè plant lan nan mwad jen pral

- A 6 cm
- B 12 cm
- C 14 cm
- D 19 cm

Remake kesyon 30 lan gen sèlman twa chwa.

30 Dyagram ki anba a montre yon chèn alimantè.



(Pa desinen sou echèl)

Si pye ble yo mouri, popilasyon sourit la ta gen plis chans pou l

- A bese
- B ogmante
- C rete menm jan


ALE TOUDWAT NAN PATI II ⇒

Pati II

Eksplikasyon (31–40): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba a pou chak kesyon.

31 Dyagram ki anba a montre sik dlo. Kat etap yo make avèk lèt *A*, *B*, *C*, ak *D*.

Sik Dlo



Nan tablo ki anba a, ekri lèt ki reprezante chak etap nan sik dlo yo montre a. [2]

Etap	Lèt
kondansasyon	
evaporasyon	
presipitasyon	
koule desann	

Sèvi ak tablo done ki anba a epi ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 32 jiska 34 yo. Tablo done a montre kat pwopriyete senk bagay diferan. Pwopriyete yo make avèk lèt *A*, *B*, *C*, ak *D*. Yo idantifye pwopriyete *A* ak *B*.

Tablo done

Bagay	Pwopriyete			
	A <u>Mas</u>	B <u>Koulè</u>	C _____	D _____
1	25 gram	Wouj	lis	won
2	35 gram	Jòn	di	silenn
3	30 gram	Vèt	lis	kib
4	25 gram	Wouj	di	won
5	30 gram	ble	lis	kib

32 Idantifye pwopriyete *C*. [1] _____

33 Idantifye pwopriyete *D*. [1] _____

34 Ki **de** bagay ki reprezante kib lis? [1]

Nimewo bagay la: _____


Nimewo bagay la: _____

35 Konplete tablo ki anba a lè w idantifye zouti syantifik yo itilize pou mezire chak nan pwopriyete fizik yo site la a. Yo montre zouti syantifik nan premye ranje a. [2]

Kèk pwopriyete yo itilize zouti pou mezire

Pwopriyete	Zouti Syantifik
mas	balans nan veso a
volim yon likid	
tanperati	





36 Dyagram ki anba a montre leman idantik ki kenbe kèk moso papye sou yon frijidè.



Eksplike rezon ki fè si yo ajoute plis papye sou frijidè a nan dyagram *D* a sa ka lakòz leman an tonbe. [1]

37 Dyagram ki anba a montre kwasans ak devlopman yon grenn pwa pou l vin tounen yon plant.

Kwasans ak devlopman yon grenn pwa pou l vin tounen yon plant

Etap	A	B	C	D
Longè (cm)	0.6 cm	2.0 cm	7.0 cm	11.0 cm
Aparans yon grenn/plant				

(Pa desinen sou echèl)

Ki longè plant pwa a te grandi sot nan etap *B* pou l rive nan etap *D*? [1]


_____ cm

38 Konplete tablo ki anba a lè w dekri **yon** fason kèk pyebwa reyaji nan chak chanjman nan sezon ki site la a. [2]


Fason kèk pyebwa reyaji nan chanjman nan sezon

Chanjman nan sezon	Fason kèk pyebwa reyaji
lete ap chanje an lotòn	
livè ap chanje an prentan	

39 Dyagram ki anba a montre yon zòn anvan epi aprè yo te fin bati yon pakèt kay.



Anvan yo bati



Aprè yo fin bati

(Pa desinen sou echèl)

Dekri **de fason negatif** bèt yo ki abite nan zòn nan te afekte akòz chanjman yo montre nan dyagram lan. [2]

(1) _____

(2) _____

40 Tablo ki anba a montre fonksyon prensipal kèk estrikti plant vèt yo. Konplete tablo a lè w idantifye estrikti ki akonpli **chak** fonksyon. Yo montre estrikti plant vèt la nan premye ranje a. [2]

Fonksyon prensipal kèk estrikti plant vèt

Fonksyon Prensipal	Estrikti Plant Vèt
sipòte plant lan	tij
pwodui manje pou plant lan	
absòbe dlo ak eleman nitritif	
pwodui grenn	

GRADE 4 ELEMENTARY-LEVEL SCIENCE HAITIAN CREOLE EDITION

**Pou Pwofesè Itilize Sèlman
Part II Credit**

Question	Maximum Credit	Credit Allowed
31	2	
32	1	
33	1	
34	1	
35	2	
36	1	
37	1	
38	2	
39	2	
40	2	
Total	15	